

**GLADHEN
WULANGAN 5**

I. Wangsulana pitakon-pitakonan ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan sing bener!

1. Teks utawa gancaran sing ditulis kanthi tujuwan ngandharake samubarang saengga sing maca kaya-kaya ngrasakake, ngamati, ndeleng utawa ngalami dhewe yaiku ...
 - a. teks narasi
 - b. teks dheskripsi
 - c. teks argumentasi
 - d. teks eksposisi
2. Ing ngisor iki sing kalebu titikane teks dheskripsi yaiku (kajaba)
 - a. nggambarake samubarang kanthi cetha
 - b. njlentrehake samubarang sing nuduhake pakaryan indiriya
 - c. pamaca melu ngrasakake, nyawang, ngrungokake, lan ngalami kahanane
 - d. nerangake kagiyatan kanthi runtut lan jelas, nganti sing maca kaya ngalami tenan
3. Sing kalebu struktur teks dheskripsi yaiku (kajaba) ...
 - a. idhentifikasi
 - b. dheskripsi bageyan
 - c. kronologis wektu
 - d. klasifikasi
4. Teks utawa gancaran sing nerangake kagiyatan kanthi runtut lan cetha, nganti sing maca kaya ngalami tenan yaiku ...
 - a. teks dheskripsi
 - b. teks argumentasi
 - c. teks persuasi
 - d. teks narasi
5. Teks eksposisi yaiku ...
 - a. teks utawa gancaran sing njlentrehake kadadeyan manut urutan wektune
 - b. teks utawa gancaran sing nerangake kagiyatan kanthi runtut lan jelas, nganti sing maca kaya ngalami tenan
 - c. teks utawa gancaran sing njlentrehake bab kanthi cetha nganti wong liya percaya lan manut marang isine
 - d. teks utawa gancaran sing njlentrehake bab kanthi bukti-bukti sing kuwat nganti sing maca melu mbenerake lan yakin marang bab kasebut

Gatekake teks wacan ing ngisor kanggo mangsuli pitakonan nomer 6-14!

Omahku, Istanaku

Omahku ora sepira gedhe, prasaja, lan resik. Swasanane ayem tentrem. Ing omah, aku karo bapak, ibu, lan adhiku. Amarga batihe cacah papat, mula diarani catur warga. Omahku pancing prasaja, nanging kanggoku wis apik lan nyenengake. Ing pekarangan ngarep omah ana tanduran pelem, jeruk, lan markisa. Omahku ora adoh saka sawah. Kaya omahe warga liya-liyane, meh saben omah duwe tanduran sing akeh banget mupangate. Bu RT sing ngejak wargane nenandur. Kajaba kekembangan lan woh-wohan, uga toga. Kanggo warga sing pekarangane ora pati amba utawa ora duwe pekarangan, bisa nenandur ing tabulampot. Dene pot-pote bisa wae nggunakake plastik-plastik limbah. Warga desaku pancing guyub rukun. Saben wektu dianakake gugur gunung. Lanang wadon, gedhe cilik, bebarengan resik-resik lingkungan. Saupama ana lomba lingkungan resik lan sehat, desaku pantes oleh juwara.

6. Teks wacan ing ndhuwur yaiku kalebu teks ...
a. teks narasi c. teks dheskripsi
b. teks persuasi d. teks argumentasi
7. Irah-irahan teks wacan ing ndhuwur yaiku ...
a. omahku c. omahku resik
b. omahku ayem tentrem d. omahku istanaku
8. Ing wacan kasebut, paraga aku ing omah karo ...
a. ibuk, bapak, lan àdhik, Bu RT c. ibuk lan adhik, Bu RT
b. bapak lan adhik, Bu RT d. ibuk lan bapak, Bu RT
- ✓9. Tanduran sing ana ing ngarep pekarangan yaiku ...
a. tanduran palem, jambu, lan markisa
b. tanduran pelem, jeruk, lan markisa
c. tanduran palem, juwet, lan jeruk
d. tanduran palem, jeruk, lan blimbing wuluh
- ✓10. Saben wektu dianakake kagiyatan yaiku ...
a. gugur bunga c. gugur gunung
b. guyup rukun d. gugur tetuwuhan
- ✓11. Sing nglakokake kagiyatan (nomer 10) yaiku ...
a. kabeh wong lanang
b. kabeh lanang wadon, gedhe cilik

- c. kabeh wong wadon d. perangkat desa
- ✓12. Lomba sing karepe paraga 'aku' ing teks wacan kasebut yaiku...
 - a. lomba pitulasan
 - b. lomba karang taruna
 - c. lomba masak
 - d. lomba lingkungan resik lan sehat
- ✓13. Paraga Bu RT ing teks wacan kasebut yaiku ...
 - a. ngejak wargane arisan
 - b. ngejak wargane padha nandur tanaman sing akeh mupangate
 - c. ngejak wargane resik-resik lingkungan
 - d. ngejak wargane tansah guyup rukun
- ✓14. Batihe cacah papat diarani ...
 - a. tri warga
 - b. catur wulan
 - c. catur warga
 - d. tri wulan

Wacanen kanthi setiti teks wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 15-20!

Sawah ing desaku isih jembar banget. Galengan sing matesi kedhokan siji lan kedhokan liyane kaya ula naga. Sawangane nyata katon endah. Tandurane ijo royo-royo. Kali-kali banyune isih resik lan bening. Kumricike banyu sing mili nyandhung krikil-krikil cilik dadi swara sing nyegerake pikiran. Swarane keprungu kaya iringan musik. Saben dina para tani ngrasa ayem.

- 15. Teks wacan ing ndhuwur yaiku kalebu teks ...
 - a. narasi
 - b. argumetasi
 - c. dheskripsi
 - d. persuasi
- 16. Judhul sing gathuk karo teks wacan ing ndhuwur yaiku ...
 - a. galengan
 - b. petani
 - c. kali
 - d. sawah ing desaku
- ✓17. Kahanane sawah ing wacan kasebut yaiku ...
 - a. cilik banget
 - b. reged
 - c. rame
 - d. jembar banget
- ✓18. Swara sing njalari nyegerake pikiran sajrone teks wacan ing ndhuwur yaiku ...
 - a. kumricike banyu sing mili nyandhung krikil-krikil cilik

- b. swarane manuk emprit
 - c. swarane bocah-bocah sing adus ing kali
 - d. swarane kaleng sing kena angin
- ✓19. Kali-kali banyune padha ...
- a. akeh regede
 - b. ora mili
 - c. resik lan bening
 - d. akeh godhong sing nyumbat
20. Dudutan teks wacan ing ndhuwur yaiku ...
- a. kumricike banyu kali sing keprungu kaya swara musik
 - b. kahanan sawah ing desa sing isih asri lan kestari njalari tentrem ing ati
 - c. sawahe akeh polusi lan sampah
 - d. Saben dina para tani ngrasa ayem